

Avantaj plan ou yo: Avantaj èd pou tranzisyon nan Etablisman Swen Enfimye**Avantaj elaji yo: Timoun ki gen bezwen medikal konplike k ap viv aktyèlman nan yon etablisman swen enfimye espesyalize**

UnitedHealthcare Community Plan ofri yon avantaj pou Tranzisyon nan Etablisman Swen Enfimye pou ede fanmi yo lakay yo timoun yo k ap viv nan yon etablisman swen enfimye. Avantaj la pral bay timoun yo ak fanmi yo èd pou ede simonte obstak ki anpeche timoun lan viv lakay li avèk fanmi l.

Avantaj sa a disponib pou moun ki abite kounye a nan yon etablisman swen enfimye epi ki swa gen mwens pase 21 lane oswa gen mwens pase 30 lane epi yo abite nan yon etablisman swen enfimye anvan yo te vin gen 21 lane.

Avantaj Tranzisyon Etablisman Swen Enfimye a ka gen ladan sa ki annapre la yo:

- Renovasyon kay
- Achte yon dèlko pou bay ekipman medikal kouran pandan pàn kouran yo
- Ajoutman nan kay la pou bay timoun lan espas pou tout ekipman medikal ki nesèsè ak bezwen swen yo
- Ajou yon twalèt ki aksesib
- Adaptasyon oswa acha yon veyikil ekipe pou reponn ak bezwen transpò timoun nan
- Depo pou fasilite tranzisyon an (tankou depo sekirite pou lokasyon oswa frè pou vin abite)
- Reparasyon oswa sèvis nan kay pou asire yon espas lojman ki sen
- Finansman pou ede ak frè demenajman

Manm ki kalifye yo ka resevwa jiska \$75,000 pou ede tranzisyon nan kay la. Avantaj sa a se yon fwa pandan yon dire lavi.

Ou ta dwe pale ak responsab dosye w la si w panse avantaj sa a kapab ede w. Li ka ba w plis enfòmasyon epi ede w konnen kisa pou w fè apresa.

Si w bezwen èd pou w kontakte responsab dosye w la, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, soti 8 a.m. jiska 7 p.m. Fizo orè lès lan, lendi jiska vandredi.

Ou gen kesyon? Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.